# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने भिन्नही गोरखपुर में राष्ट्र गीत वंदे मातरम क गायन करिहें अउर एकता पद यात्रा में हिस्सा लिहें। सरदार वल्लभ भाई पटेल क एक सौ पचासवीं जयंती अउर राष्ट्र गीत वंदे मातरम के एक सौ पचास साल पूरा भइले के मौका पर ई आयोजन सहर के नगर निगम परिसर में कइल जा रहल हवे। आयोजन के तइयारी के लेके जिला परसासन पुरहर सतरकता बरत रहल बा। एकता पद यात्रा बदे सहर के यातायात व्यवस्था में बदलाव कइल गइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश स्टेट इंस्टीच्यूट ऑफ फोरेंसिक साइंस दस नवम्बर से लखनऊ में साइबर सुरक्षा अउर डिजिटल फोरेंसिक विषय पर राष्ट्रीय प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित करे जा रहल बा। भारतीय साइबर अपराध समन्वय केन्द्र नई दिल्ली के सहजोग से पांच दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम चौदह नवम्बर ले चली। संस्था क अपर निदेशक राजीव मल्होत्रा बतवलें हवें कि प्रसिक्षण में उत्तर प्रदेस के लेके देस के कई गो राज्यन–दिल्ली, केरल, तेलंगाना, असम, छत्तीसगढ़, गोवा, मध्य प्रदेश अउर ओडिशा के उपनिरीक्षक से लेके उपाधीक्षक स्तर क पुलिस अधिकारी सामिल होइहें।

**********

वाराणसी के छावनी के रणबांकुरे स्टेडियम में लगतारे दुसरका दिन आजु अग्निवीर भर्ती रैली आयोजित भइल। भरती प्रक्रिया में क्लर्क अउर ट्रेड मैन पद खातिर कुलि एक हजार तीस अभ्यर्थियन के बोलावल गइल रहल, जेहमें चार सौ इक्यावन अभ्यर्थी सफल घोसित कइल गइलें। काल्हि से सुरू भइल ई भरती रैली एक्कइस नवंबर ले चली। येह रैली में बारह गो जिलन आजमगढ़, बलिया, चन्दौली, देवरिया, गाजीपुर, गोरखपुर, जौनपुर, मऊ, मिर्जापुर, भदोही, सोनभद्र अउर बनारस क अभ्यर्थी सामिल हो रहल हवें।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई गो क्षेत्रन में जीएसटी दरन में कटौती के बादे बाइस सितंबर के सुरू कइल गइल जीएसटी बचत उत्सव से देस भर के नागरिकन के फाइदा हो रहल बा। हमरे संवाददाता बतवलें हवें कि फुटवेयर के क्षेत्र में नया जीएसटी दर नागरिकन बदे मददगार साबित हो रहल बा।

***अगली पीढ़ी के जीएसटी सुधारों के तहत, सरकार ने परिधान और फुटवेयर सहित विभिन्न उद्योगों में कर संरचना को सरल बनाया है। कंपोजिशन लेदर और टैनिंग या क्रस्टिंग के बाद तैयार किए गए चमड़े पर लगाए जाने वाले कर को बारह प्रतिशत से घटाकर पांच प्रतिशत कर दिया गया है। इससे निर्माताओं की इनपुट लागत में कमी आई है और देश के भीतर उत्पादन बढ़ा है। इसके अलावा, दौ हजार पांच सौ रूपये तक के फुटवेयर पर वस्तु और सेवा कर को पांच प्रतिशत कर दिया गया है। इस कदम से युवा निर्माताओं को सीधे लाभ मिल रहा है और उपभोक्ताओं के लिए उत्पाद अब अधिक सुलभ हो गए हैं। ऋषू जायसवाल के साथ दिपेंद्र कुमार, आकाशवाणी समाचार,दिल्ली।***

**********

प्रदेस के मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा प्रदेस के सज्जो जिला निर्वाचन अधिकरियन के निरदेस दिहले हवें कि राज्य में चलि रहल विसेस गहन पुनरीक्षण अभियान के तहत सज्जो जिलन में पनरह नवंबर ले गणन प्रपत्र सौ फीसदी बांट दिहल जाए। येह कार में कउनहू स्तर क लापरवाही मिलले पर कठोर कार्रवाई कइल जाई। उहां के कहलीं कि मतदाता सूची में नाम जोड़ले आ हटवले का प्रक्रिया पारदर्सी होखे के चाही। कउनहू अपात्र मनई मतदाता सूची में सामिल नही होखे के चाही।

**********

उत्तर प्रदेस पर्यटन विभाग पर्यटन नीति–दुई हजार बाइस के तहत मनइयन, संस्था अउर उद्यमियन के प्रदेसभर में वेलनेस सेंटर स्थापित करे खातिर आमंत्रित कइले हवें। प्रदेस क पर्यटन आ संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह बतवले हवें कि येह पहल क उद्देश्य योग, प्राकृतिक चिकित्सा अउर पारंपरिक भारतीय उपचार पद्धतियन के जरिया से आध्यात्म अउर पर्यटन के एक सूत्र में बांधल हवे।

**********

रेल यात्रियन के सुविधा बदे भारतीय रेलवे आधिकारिक मोबाइल ऐप रेल–वन लांच कई दिहले हवें। ई ऐप रेलवे के कई गो सेवा के एक्के डिजिटल प्लेटफॉर्म पर उपलब्ध कराई। एकरे जरिया से लोगि आरक्षित, अनारक्षित, प्लेटफारम अउर सीजन टिकट असानी से बुक कई सकिहें। एकरे अलावे सिकायत निवारण तक क सज्जो सुविधा येह ऐप के जरिया से मिलि सकी।

**********

पुलिस भरती के तरियन होडगार्ड स्वयंसेवक के रूप में सेवा करे क इच्छुक अभ्यर्थियन बदे वन टाइम रजिस्ट्रेसन जरूरी होई। एके लेके उत्तर प्रदेस पुलिस भरती अउर प्रोन्नति बोर्ड प्रक्रिया सुरू कइ दिहले हवे। अभ्यर्थी भरती बोर्ड के वेबसाइट के लिंक पर जरूरी सूचना भर के वन टाइम रजिस्ट्रेसन करा सकिहें।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में तापमान में गिरावट दरज कइल जाए लगल हवे अउर मौसम सुस्क हो गइल बा। ढेरि जिलन में कुहेसो पड़ल सुरू हो गइल हवे। मौसम विभाग की हिसाबि से प्रदेस के सज्जों पूरबी जिलन में अगिला एक हफ्ता ले मौसम सुख्खल रही अउर तापमान में गिरावट दरज कइले क क्रम जारी रही। एकरे नाते ठंड में बढ़ोत्तरी दरज कइल जाई।

**********